

KI KÈK SIY DANJE MWEN TA DWE AP VEYE?



Ou santi y ap ba ou presyon
oswa y ap fè w prese siyen yon
kontra AOB



Kontraktè a p ap menm vle
kòmanse reparasyon yo
toutotan ou pa siyen yon AOB.



Kontra a ekri yon fason ki
anpeche konpayi asirans lan
kominike dirèkteman avèk ou.



Kontraktè a ofri pou l diminye
oswa anile dediktib asirans ou a.
**Lalwa Florid entèdi ke kontraktè
peye oswa renonse dediktib
pou reparasyon ke kontra
asirans lan kouvri.**

A PWOP DE NOU


TRANSFÈ BENEFIS KI RELE ASSIGNMENT OF BENEFITS (AOB)

KONTAKTE NOU



KI SA YON TRANSFÈ BENEFIS YE?

Yon Transfè Benefis (AOB) se yon kontra ki transfere dwa reklamasyon asirans oswa benefis yo bay yon lòt moun. Li souvan siyen ant yon pwopriyetè kay ak yon kontraktè ki anboche pou fè reparasyon nan yon kay apre li fin domaje.



KISA YON AOB KONTRA FÈ?

AOB sa a bay kontraktè a otorite pou l fè reklamasyon, pran desizyon sou reparasyon an, kolekte peman asirans lan, epi ranpli yon pwose kont yon konpayi asirans san patisipasyon pwopriyetè kay la.

POUKISA YON PWOPRIYETÈ KAY TA SIYEN YON KONTRA AOB?

A homeowner may sign an AOB because they do not wish to be the middleman between the contractor and the insurance company, and they don't mind someone else taking over the complete process.

KI LÈ AK NAN KI SIKONSTANS YO ITILIZE YON AOB?

Yon kontra AOB ka fèt pou tout kalite kontra ki gen pou wè avèk reparasyon domaj akoz de yon tanpèt, domaj sou do kay oswa lòt domaj, epi pwopriyetè kay la gen asirans.

POUKISA YON PWOPRIYETÈ PA TA VLE SIYEN YON KONTRA AOB?

Yon kontra AOB anpeche pwopriyetè kay la pale ak konpayi asirans lan sou reklamasyon yo. Li pèmèt ke se kontraktè a ki responsab pou kontakte konpayi asirans lan. Pafwa yon kontraktè p ap fini yon reparasyon paske konpayi asirans lan pa dakò peye kontraktè a montan kontraktè a te mande a. Yon dezakò ant kontraktè a ak konpayi asirans lan ka kite yon pwopriyetè kay ak yon reparasyon ki mwatye fini.



MWEN DWE SIYEN ANPIL DOKIMAN, KÒMAN POU MWEN KONNEN SI YONN NAN YO SE YON KONTRA AOB?

- Yo mande w siyen pou transfere benefis asirans lan anvan yo kòmanse reparasyon yo. Kontra a di tout lajan asirans la pral jwenn kontraktè a oswa yon lòt konpayi olye de oumenm oswa konpayi ipotèk ou a.
- Kontra a di konpayi asirans lan pa ka kominike dirèkteman ak pwopriyetè kay la.
- SONJE yon pwopriyetè kay k ap chèche fè reparasyon pa gen okenn obligasyon pou siyen yon Transfè Benefis ki rele an angle Assignment of Benefits.

ESKE MWEN KAPAB ANILE YON KONTRA AOB?

- Wi, bay kontraktè a avi sou papye nan youn nan twa fason:
- Nan 14 jou apre ou siyen kontra a.
- Si kontra a pa presize yon dat pou kòmanse epi kontraktè a pa t kòmanse travay, lè sa a, ou gen opsyon pou anile nan 30 jou apre ou fin siyen.
- Si kontra a gen yon dat pou kòmanse, men kontraktè a pa t gen tan "fè gwo travay sibstansyèl" ou ka anile kontra a nan omwen 30 jou apre dat kòmansman kontra a.